



Pou Piblikasyon Imedya: 23/11/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE GRAND OUVÈTI SANT DAKÈY REJYON KAPITAL LA NAN KONTE GREENE

*Sant Dakèy Rejyonal la ap Pwomouvwa Touris, Istwa, Pwodwi Alimantè ak
Bwason Lokal yo*

*Sant Dakèy nan Estil Kolonyal Neyèlandè a gen ladan yon Makèt Taste NY,
Pwomnad Selebrite, Lakou Rekreyasyon pou Timoun yo ak
Enfòmasyon Touristik Entèaktif*

Foto Sant Dakèy Rejyon Kapital la yo Disponib [Isit la](#)

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse grand ouvèti Sant Dakèy Rejyon Kapital la (Capital Region Welcome Center). Sant Dakèy la, ki gen yon fasad konstriksyon nan estil neyèlandè, reprezante pòtay dantre nan Rejyon Kapital la pou vwayajè k ap soti onò yo epi l ap pwomouvwa endistri touris la, istwa rich ak pwodwi alimantè ak bwason lokal rejyon an yo.

“Touris se yon pilye devlopman ekonomik pou New York, epi atravè investisman estratejik k ap fèt nan endistri a yo, nou ap ranfòse angajman nou pran pou nou devlope ekonomi rejyonal yo epi pwomouvwa atraksyon lokal yo toupatou atravè Empire State la”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Sant Dakèy Rejyon Kapital la reprezante istwa rich ak destinasyon ki gen kalib mondyal rejyon sa a genyen pou l ofri yo epi li pral ranfòse ekonomi rejyonal la pou anpil deseni k ap vini ankò.”

“Nou ap investi nan Sant Dakèy toupatou atravè eta a yo pou nou mete aksan sou gran atraksyon ak pwodwi New York gen pou l ofri yo”, **Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare.** “Nouvo Sant Dakèy Rejyon Kapital la pral sèvi kòm yon pòtay pou vizitè yo epi l ap pwomouvwa endistri touris la, sa k ap adopte istwa rich zòn lan epi ranfòse ekonomi rejyon an ak tout eta nèt.”

Nan apeprè 24 kilomèt osid Albany, Sant Dakèy Rejyon Kapital la sitiye an fas Zòn Sèvis New Baltimore (New Baltimore Service Area) Otorite Thruway Eta New York la (New York State Thruway Authority) ki sou Thruway (I-87) la ant sòti 21B (Coxsackie - Route 9W) ak sòti 21A (Berkshire Section/Anvè Mass Pike) la. Aktyèlman la, kat milyon moun vizite Zòn Sèvis New Baltimore la chak ane, epi volim sikilasyon an te ogmante plis pase twa fwa plis depi lè yo te premye konstwi l la an 1962.

Sant Dakèy la aksesib pou sikilasyon Thruway a k ap vwayaje anvè lenò sou I-87 la k ap pran ranp sòti Zòn Sèvis New Baltimore la. Sikilasyon anvè lenò yo pral kontinye gen aksè a gaz ak enstalasyon Zòn Sèvis New Baltimore la yo ki deja la pa lòt bò otowout la.

Sant Dakèy Rejyon Kapital la gen ladan eleman espesifik ki soti nan rejyon an ki lye a istwa ak bote natirèl Hudson River Valley a, ki gen ladan atraksyon tankou Kapitòl Eta New York la (New York State Capitol), Pakou Kous Cheval Saratoga a (Saratoga Race Course), ak rejyon Lak George la. Sant Dakèy la gen ladan yon Makèt Taste NY k ap mete pwodwi yo kiltive ak achte onivo lokal k ap soti toupatou atravè Rejyon Kapital la yo an valè.

Direktè Egzekitif pa Entèrim Otorite Thruway, Matthew J. Driscoll, te deklare, “Sant Dakèy Rejyon Kapital la se yon etablisman milti-dimansyonèl ki pral edike vizitè yo konsènan resous selèb ak destinasyon ki gen kalib mondyal yo epi mete pwodwi alimantè ak bwason trè renome rejyon an yo an valè. Nou fyè pou nou sipòte vizyon Gouvènè Cuomo genyen pou l kreye sant dakèy yo pou mete aksan sou destinasyon touristik ki genyen toupatou atravè eta a yo”.

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development, Howard Zemsky, te deklare, “Sant Dakèy Rejyon Kapital la mete aksan sou istwa ak eritaj rich rejyon an, pandan l ap ankouraje vizitè yo viv eksperyans atraksyon lokal yo epi sipòte biznis Taste NY yo”.

Komisè Agrikilti Eta a (State Agriculture), Richard A. Ball, te deklare, “Nou fyè pou nou mete anpil fèm ak pwodiktè pwodwi alimantè ak bwason fenomenal eta a yo an valè nan Makèt Taste NY Sant Dakèy Rejyon Kapital la. Nouvo makèt la ap bay vizitè ak rezidan yo chans pou yo non sèlman eseye nouvo pwodwi yo men tou pou yo jwenn nouvo pwodwi favori yo--soti nan atik manje midi yo rive nan kado inik yo, sa ki pral anfenkont sipòte kwasans ak siksè ti biznis kominotè nou yo”.

Prezidan Lejislatif Konte Greene lan Kevin Lewis te deklare, “Konte Greene lan fyè pou l sèvi kòm sit pou Sant Dakèy Rejyon Kapital la. Sant Dakèy la mete pwodwi alimantè, bwason, ak pwodwi atizana mèveye rejyon sa a gen pou l ofri yo an valè, epi mwen paka tann pou siksè ak opòtinite ekonomik l ap pote pou pwodiktè ak atizan lokal nou yo”.

Sipèvizè Vil New Baltimore la, Jeff Ruso te deklare, “Vil New Baltimore la fyè pou l akeyi Sant Dakèy Rejyon Kapital la. Rejyon Kapital la gen yon istwa long ak rich nan kad fondasyon eta nou an ak nasyon nou an, epi nou apresye opòtinite pou nou sèvi kòm sit pou Sant Dakèy sa a”.

Nouvo Sant Dakèy Rejyon Kapital la se youn nan 11 sant dakèy ke yo pozisyon nan fason estratejik toupatou atravè Eta New York la. Sant Dakèy Rejyon Kapital la vin twazyèm sant dakèy ki sou oswa ki tou pre Thruway Eta New York la anplis de Sant Dakèy ki nan Rejyon Lwès New York la (Western New York Welcome Center) ak Sant Dakèy ki nan Mohawk Valley a (Mohawk Valley Welcome Center). Lòt sit sant dakèy yo gen ladan Vil New York, Long Island, rejyon Southern Tier, New York Santral, Finger

Lakes, Adirondacks, Hudson Valley/Catskills ak North Country. Finansman pou sant dakèy rejyonal sa yo te fè pati bidjè Ane Fiskal Eta la pou ane 2018 la (FY 2018 State Budget).

Yo konsevwa espas eksteryè Sant Dakèy Rejyon Kapital la ki mezire apeprè 11,000 pye kare a selon achitekti ki anrasine nan tradisyon istorik neyèlandè ki gen nan zòn lan. Li gen ladan yon mi atefak ki gen eleman espesifik ki soti nan rejyon an k ap mete istwa ak patrimwàn rejyon an yo an valè. Sant dakèy la gen ladan yon kyòsk entèaktif LOVE NY pou mete atraksyon lokal yo ak destinasyon touristik ki gen nan rejyon an yo an valè, yon mi imaj videyo, yon Makèt Taste NY k ap ofri yon bann seri pwodwi ki kiltive nan New York.

Makèt Taste NY la pral ekspoze yon gran seleksyon manje dejene ak manje midi frè, ki gen ladan soup, salad, sandwich, ak desè ki itilize engredyan kiltivatè ak pwodiktè Rejyon Kapital la yo apwovizyone. Li pral ofri tou goute a anpòte, atik kado espesyalite lokal pou vann, sa k ap ofri yon opòtinite pou pwodiktè lokal yo vann pwodwi yo epi konekte rezidan ak vizitè New York yo ak pwodiktè pwodwi alimantè ak bwason eta a yo. Ou ka jwenn meni aktyèl la ansanm ak lis pwodui ki disponib yo [la a](#). Makèt Taste NY la pral ouvri a 7è a.m. rive 7è p.m. sèt jou pa semèn.

Tèren nouvo Sant Dakèy la gen ladan yon anviwònman eksteryè ki sanble ak yon pak, ki pral gen ladan yon espas pou mache agrikòl k ap gen pwodwi lokal yo ak yon lakou rekreyasyon pou timoun yo ki fèt sou tè mizik, k ap bay yon kout chapo pou plizyè sal teyat ak sant atizay espektak ki gen nan rejyon an yo.

Yo te konstwi nouvo Sant Dakèy la nan fason ki konfòm ak estanda konsepsyon Lidèchip an Matyè Konsepsyon Anviwònmantal ak Enèjetik la (Leadership in Energy and Environmental Design) epi li gen ladan pano solè, estasyon rechaj a grand vitès pou Veyikil Elektik yo, jesyon dlo lapli, pi bon itilizasyon ekleraj natirèl, ak materyo konstriksyon ki itilize enèji nan fason efikas yo.

Depi lè li te antre an fonksyon an 2011, Gouvènè Cuomo fè investisman san presedan nan endistri touris atravè tout Eta New York la, sa k ap atire yon kantite vizitè istorik ak depans dirèk. Ane pase, New York te akeyi yon kantite rekò 243.8 milyon vizitè ki te depanse 67.6 milya dola, ki jenere yon enpak ekonomik total ki plis pase 100 milya dola pou katriyèm ane youn apre lòt. An plis, endistri touris la se twazyèm pi gwo anplwayè nan eta a, k ap sipòte 938,800 pòs travay chak ane.

Rejyon Kapital la te akeyi prèske 19 milyon vizitè an 2017, yon ogmantasyon 15 pousan depi 2011. Depans dirèk vizitè yo te fè nan rejyon an te depase 2.8 milya dola an 2017, yon ogmantasyon 22 pousan depi 2011, epi endistri a te sipòte 51,775 djòb.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)